

SS.7.C.1.8

Eksplike opinyon Federalis yo ak Anti-Federalis yo konsènan ratifikasyon Konstitisyon an ak enklizyon nan yon deklarasyon dwa.

SS.7.C.1.8 Klarifikasyon Sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap konpare opinyon Federalis yo ak Anti-Federalis yo sou ratifikasyon Konstitisyon Etazini an.

Enkyetid sou Pouvwa Gouvènman	Opinyon Federalis	Opinyon Anti-Federalis
Pouvwa ant eta yo ak gouvènman nasyonal la	Gouvènman nasyonal la tap ka enimere (nan lis la) pouvwa ki ta pwoteje tout pèp la kelkeswa nan eta yo te ap viv.	Yo tap pran twòp pouvwa soti nan eta yo; yon sistèm federal te twò nouvo ak pat ankò tèsste.
Yon lis ki enimere dwa endividiyèl	Paske yo pa mete lis dwa espesifik nan Konstitisyon an, pèp la te pwoteje pi byen pase yo ta ye, si fondatè yo te eseye enimere tout dwa yo kapab petèt panse. Yo ta ka pa mete yon bagay ladan li, e ki ta ka danjere pou pèp la.	Konstitisyon an te bezwen yon lis espesifik nan dwa pou pwoteje pèp la de gouvènman nasyonal la.
Pouvwa Lejislatif	Kloz ki nesèsè ak apwopriye/Kloz elastik ta pèmèt Kongrè a reponn a bezwen tout pèp la.	Kloz ki nesèsè ak apwopriye/kloz elastik ta bay Kongrè a twòp pouvwa. Kongrè ta sèvi ak sa ki nesèsè e bon/kloz elastik pou abize pouvwa li.
Pouvwa gouvènman nasyonal la	Separasyon pouvwa e kontwòl ak balans yo pwoteje pèp la nan nenpòt ki branch kont gouvènman an kap vin twò fò.	Separasyon pouvwa e kontwòl ak balans yo pa ta fè ase pou pwoteje pèp la de nenpòt ki branch nan gouvènman an kap vin twò fò. Gouvènman nasyonal ta toujou gen twòp pouvwa.
Peyi a bezwen mete tèt ansanm	Konstitisyon an ta ini peyi a pi byen pase Atik Konfederasyon yo.	Nasyon an ta ka ini pandan ke eta yo ta ka kenbe idantite endividiyèl yo.

kloz ki nesèsè ak apwopriye – pouvwa Kongrè a pou fè lwa, yo wè jan sa nesèsè ak bon pote soti nan pouvwa enimere yo; ke yo rele tou kloz elastic

kontwòl ak balans – yon prensip de gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki pèmèt chak branch nan gouvènman an pou limite pouvwa lòt branch yo

separasyon pouvwa – estrikti gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki mete ansanm twa branch avèk pwòp pouvwa distenk ak responsablite yo

sistèm federal – yon sistèm nan gouvènman kote pouvwa pataje ant yon gouvènman santral ak eta yo